




MONMOUTH COUNTY PROSECUTOR'S OFFICE SAFE PLACE



Kisa PWOGRAM SAFE PLACE la ye?

PWOGRAM SAFE PLACE¹ la se yon konsèp ke otorite ki ranfòse lalwa esponsòrizasyon ki ogmante sansibilizasyon piblik la sou kesyon fè rapò ensidan ki baze sou prejije ak krim ki baze sou rayisman yo. Pwogram nan se yon kolaborasyon aktif ant lapolis, antrepriz yo, òganizasyon sosyal ak lekòl yo, ke yo kreye pou kominote yo vin yon kote ki gen plis sekirite pou moun viv. Nenpòt moun ki wè logo SAFE PLACE la pral konnen ke antrepriz sa a, òganizasyon sa a oswa lokal sa a pral ofri yon espas an tout sekirite pou yon moun ka rele 911 pou asistans, sizoka yo ta santi yo an danje.

Pwogram sa a se pou TOUT ensidan ki baze sou prejije oswa krim ki baze sou rayisman kap sible yon moun pou rezon ki ka enkli, men ki pa limite ak: ras, koulè, relijyon, sèks, andikap, oryantasyon seksyèl, ekspresyon oswa idantite seksyèl, orijin nasyonal oswa gwoup etnik.

Antrepriz, òganizasyon, lekòl k ap patisipe yo ansanm ak depatman lapolis k ap reponn yo, pral trete moun ki bezwen asistans yo avèk atansyon, diyite, e ak respè. MCPO SAFE PLACE **pa fèt pou izaj rezidansyèl.**

Ki Antrepriz, Òganizasyon Sosyal, ak Lekòl k ap patisipe nan MCPO SAFE PLACE?

TOUT antite sa yo kapab patisipe nan PWOGRAM MCPO SAFE PLACE la, depi yo respekte de (2) kondisyon ki liste pi ba yo. **PRI SA KOUTE A SE ZEWÒ** pou antrepriz yo, òganizasyon yo ak lekòl k ap patisipe nan PWOGRAM SAFE SPACE (ESPAS KI SAN DANJE) A.

Ki responsabilite mwen genyen pou m patisipe?

Byenke konsèp sa a se yon konsèp volontè, gen responsabilite pou patisipe antanke yon MCPO SAFE PLACE. Responsabilite sa a senp, li mande pou w fòme/edike anplwaye w yo/estaf ou pou yo fè de (2) bagay:

1. **Si yon viktim nenpòt krim (sitou yon krim ki baze sou rayisman) antre nan lokal ou yo, rele 911 imedyatman.**
2. **Pèmèt viktim nan pou l rete nan lokal ou jiskaske lapolis rive.**

Si viktim nan ale anvan lapolis la rive, re-rele 911 epi ba yo yon deskripsyon fizik viktim nan ak/oswa sispè a (yo), direksyon yo fè, ak nenpòt blesi ou ka te obsève. Menm jan ak nenpòt sitiyojan dijans, estaf ou a dwe fè atansyon ak pran prekosyon nesèsè lè y ap bay viktim yon ensidan prejije oswa yon krim, refij an tout sekirite, se pou yo pran an konsiderasyon sekirite kliyan w yo tou ak kòlèg travay ou yo, e se pou yo an konfòmite avèk règleman òganizasyonèl ki deja anplas yo.

Kijan mwen ka vini yon Patisipan MCPO SAFE PLACE?

Tou senpleman, kontakte Biwo Pwokirè Konte Monmouth (Monmouth County Prosecutor's Office) nan SafePlace@mcponj.org oswa depatman lapolis lokal ou a.

Ki kote pou mwen mete Viyèt MCPO SAFE PLACE la?

Ou dwe mete viyèt SAFE PLACE la nan antre prensipal la, a yon distans 3-5 pye de atè a e yon kote ki byen vizib pou nenpòt moun k ap mache bò lokal ou yo, kapab wè li. Si lokal la a yon distans ki pre yon lekòl oswa yon òganizasyon, ou dwe mete li nan yon kote k ap pèmèt moun k ap chèche asistans lan jwenn refij pou otorite yo ka kontakte l.

Pou plis enfòmasyon:

Tanpri, ale sou MCPONJ.ORG oswa voye yon demann pou ransèyman bannou nan SafePlace@mcponj.org.

¹Se Depatman Lapolis Seattle ki devlope PWOGRAM SAFE PLACE la pou asiste viktim Krim ki Baze sou Rayisman yo ak Entimidasyon Elèv, e yo apwouve pou nou itilize inisyativ sa a nan Konte Monmouth la.